IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: RJ55859634

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JASLAR SIYASATÍ HÁM SPORT MINISTRLIGI BUYRÍǴÍ**

3«avgust»2023 jıl. **632-A/F-san** Nókis qalası

**«Қосымша ўазыйпа жүклеў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасының 2014-жыл 3-декабрьдеги “Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында”ғы ЎРҚ-445-санлы Нызамы, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 6-июлдағы “Коррупцияға қарсы гүресиў искерлигин нәтийжели шөлкемлестириўге қаратылған қосымша ис-иләжлар ҳаққында”ғы ПК-5177-санлы ҳәм де 2022-жыл 12-январьдағы “Коррупцияға қарсы гүресиў жумысларының натийжелилигин рейтинг баҳалаў системасын енгизиў иләжлары ҳаққында”ғы ПК-81-санлы қарарларының өз ўақтында орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў ўазыйпасы министрликтиң Мәлимлеме таллаў ҳәм атқарыўшылық қадағалаў бөлими жетекши қәнигеси **(Б.Толыбаев)**не тийкарғы лаўазымына қосымша жүклетилсин.

2. Төмендегилер жуўапкер қәниге **(Б.Толыбаев)**ниң тийкарғы ўазыйпалары етип белгиленсин:

а) Пуқаралар тәрепинен министрликке келип түскен барлық түрдеги *(жазба, аўызеки, исеним телефоны арқалы)* мүрәжатларды қабыллаў, дизимге алыў, өз ўақтында орынланыўын тәмийинлеў, мониторингин жүритиў, буған байланыслы анықланған кемшилик ҳәм машқалаларды сапластырыў бойынша ис-иләжларды әмелге асырыў;

б) Министрликтиң исеним телефонының турақлы түрде ислеп турыўын тәмийинлеў;

в) ҳәр айдың жуўмағы менен келип түскен мүрәжатлар бойынша есабатларын министрдиң қабыллаўына киритип барыў.

3. Коррупцияға қарсы гүресиў бағдарында қабыл етилген норматив-ҳүжжетлер ҳәм де ишки министрлик ҳүжжетлеринде белгиленген тапсырмалардың өз ўақтында орынлаўын тәмийинлеў Мәлимлеме таллаў ҳәм атқарыўшылық қадағалаў бөлими бас қәнигеси **(А.Турениязов)**не тийкарғы лаўазымына қосымша жүклетилсин.

4. Мәлимлеме таллаў ҳәм атқарыўшылық қадағалаў бөлими баслығы (С.Рауажов)на:

Жоқарыда қәнигелерге бириктирилген жумысын өз ўақтында ҳәм сыпатлы орынланыўын қадағалап барыў ўазыйпасы жүклетилсин.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өз жуўапкершилигимде қалдыраман.

**Министр ў.ў.а** **А.Алланазаров**